**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТИРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

*ПЕДАГОГИКА ФАКУЛЬТЕТИ*

Палуаниязов П.К.

# «Халық музыка дөретпелерин үйрениў»

(Жасларды руўхый-әдеплилик эстетикасына тәрбиялаўдың тийкарғы дереги сыпатында)

**«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» - 2010**

**Палуаниязов П.К. «Миллий музыка фольклоры ҳәм халық қоысықшылығы» пәнинен оқыў-методикалық қолланба (5141000 музыкалық тәлим бакалавр бағдары студентлери ушын). Нөкис «Қарақалпақстан», 2010, 31 бет.**

Оқыў методикалық қолланба: Жоқары оқыў орынлары музыкалық тәлим қәнигелигиниң студентлери ушын арналған болып, бул оқыў методикалық қолланбада сабақлық ретинде халык музыка дөретпелери, халық қосықлары, намалары ҳәм дәстүрлерин үйрениў методикалары келтирилген.

ҚМУдың оқыў методикалық кеңесинде тастыйықланды ҳәм баспаға усынылды.

**Жуўаплы редактор:** Қ.Заретдинов - Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына хызмет көрсеткен көркем-өнер ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаурияты, композитор, профессор.

**Пикир билдириўшилер**: Ө.Алеуов - Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери, Педагогика илимлериниң докторы, профессор, халық аралық **Antiqul World** илимлер Академиясының академиги.

Т.Хожаназаров-Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист.

ISBN-978-9943-346-95-6
© Қарақалпақстан -2010.ж

# КИРИСИЎ

Миллий мәдений мийрас үлгилери ҳәм оларда илгери сүрилген пикирлер жәмийеттиң раўажланыўы ҳәмде жаслардың өсип ержетиўиндеги әҳмийети оғада жоқары. «Манавият-деп жазады президентимиз И.А.Каримов «Узбекстоннинг уз истиклол йули» китабында,-өз халқының тарийхын, оның мәденияты ҳәм ўазыйпаларын терең билиў ҳәм түсинип жетиўге сүйенгендеғана қүдиретли күшке айланады».

Миллий мәнеўий мийрас ҳәм қәдириятлар түсиниги кеңирек қамтыйтуғын түсиник болып, оның қурамы төмендегилерден ибарат:

-тарийхый мийрас ҳәм тарийхый яд;

-мәдений естеликлер,ески қол жазбалар;

-илим пән жетискенликлери ҳәм философиялық ойлаў дүрданалары;

-исскуство ҳәм миллий әдебият;

-әдеп-икрамлық пазыйлетлер;

-диний қәдриятлар;

-үрип-әдет, дәстүр ҳәм мәресимлер;

-мәрипет, тәлим-тәрбия ҳәм басқалар;

Миллий-мәнеўий қәдриятлар системасында тәрийхый мийрас ҳәм тәрийхый яд әҳмийетли орын тутады. Мәнеўиятты раўажландырыў ҳәм халықтың руўҳын көтериўде тарийхый мийрас ҳәм тарийхый ядтың жүдә үлкен әҳмийети бар. Тарийхты ҳақыйқый үйрениў, оннан сабақлар шығарыў лазым.

Өзбек халқы жәҳән мәденияты ғәзийнесине минәсип үлес қосқан миллетлер қатарынан ҳүрметли орын ийелейди. Мәдений естеликлер, скульптура искусствосы үлгилери әййемги қолжазбалар-миллий мәнеўияттың бийбаҳа дүрданалары, халқымыз ушын ең қәдирли ҳәм муқаддес болған байлықлар. Буларды абайлап-асыраў келешек әўладларға жеткизиў мәнеўият тараўындағы ең актуаль ўазыйпа деп келтиреди.

Миллий мадений мийрас улгилери мазмунында сауленленген пикирлер, жас әўладты әдеплилик эстетикасына тәрбиялаўда оғада әҳмийетли орынға ийе. Ғәрезсизлик жылларында руўхый тәрбияның илмий, педагогик тийкарларын тиклеў, усы мақсетте бул орында миллий мадений мийрас ҳәмде үрип-әдет дәстурлерден үнемли пайдаланыўға болған талап күшейди. Себеби, сиясый-мәдений раўажланыўларда, әдеплилик тарбиясын раўажландырыўа да мәмлекет бас орында болыўы ҳәм бул руўхый фўндаментин тийкарлап бериўи айрықша көрсетип берилген.

Ғәрезсизлик шарапаты менен Қарақалпақстанда да жасларды, келешек әўладты музыка арқалы руўхый жақтан тәрбиялаўға кең имканиятлар жаратылды.

Демек миллий ғәрезсизлик идиялогиясы- халқымыздың әсирлер даўамында қәлиплескен жоқары руўхый үрип-әдет дәстурлер уллы ата-бабаларымыздың өшпес мийрасларынан азықланады.

Келешек әуладты тәрбиялаўда жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў системасына бир қанша ўазыйпалар жүкленген. Мине усындай ўазыйпалардың бири- келешек әўладты музыка арқалы әдеплилик эстетикасына тәрбиялаў, миллий музыка мийраслары, сондай-ақ тийкарынан, қарақалпақ музыка мийраслары, заманагөй қарақалпақ композиторлары шығармаларындағы илгери сүрилген пикирлер ҳаққындағы билимлерди байытыў, қарақалпақ музыка шығармаларын атқарыў көникпелерин ҳәм билимлерин қәлиплестириўден ибарат.

Усы себепли қарақалпақ музыка мийраслары мазмунын терең үйрениў, олардағы сәўлеленген бийбаҳа пикирлерден тәлим-тәрбия жолында пайдаланыў зәрүрлигин арттырады.

Миллий идея ҳәм мәнеўий қәдириятлар арасында тығыз байланыс,өз-ара тәсир бар болып,бул төмендегилерде өз сәўлелениўин табады.

Бириншиден, миллий қәдириятлар миллий идея ушын мәнеўий негиз, дерек болып хызмет қылады.

Екиншиден миллий идея қәдириятларды байытыў, жәнe де жоқарғы басқышқа көтериў, адамлар санасы ҳәм қәлбине миллий қәдириятларды сиңдириў факторы болып есапланады.

Үшиншиден миллий идея халықтың түп мәплери көз-қарасынан бар мәнеўий қәдириятларға баҳа береди, унамлы тәреплерди раўажландырыў унамсыз ҳалатларды бийкарлаўдың мәнеўий мезоны болып майданға шығады.

Әлбетте өз халқымыздың мәнауиятын хам музыка тарийхын үйрениў өз алдына бир актуаль мәселе болып табылады, «Қарақалпақлар әйемги ҳәм бай тарийхқа ийе халқ. Бул халық пүткүл дүньяға белгили болған миллий мәдениятқа, өз миллийлигине тән өзгеше искусствосына, классик әдебиятына, руўхый байлықларына, үрип-әдет дәстүрлерине ийе»[2].

Демек тәрбия мәселесинде «халқымыз миллий саналығын өсириў, жасларда потриотизмди күшейтиў, өз Ўатанына сүйиспеншиликти арттырыў, халықтың руўхый байлықларын асрап-абайлаў ҳәм оны тәлим-тәрбия

жолында қолланыў, үрип-әдет дәстүрлерине болған ҳүрметин асырыў»[1] усы реформаларға тийкар жаратыў деген түсиникти береди.

Тәлим-инсан тәрбиясында үлкен орынға ийе. Халқымыз бул бойынша оғада үлкен мийрасқа ийе. Зардуштийликтиң тийкарын салыўшы Спитама: «Тәрбия турмыстың ең зәрүрли таянышы болып есапланыўы лазым. Ҳәр бир жасты сондай тәрбиялаў керек, ол әўеле жақсы оқыўы ҳәм соңынан жазыўды үйрениўи менен ең жоқары дәрежеге көтерилсин»*-деп жазады.

«Мениң өзиме тиккелей қарақалпақ халқының тәкирарланбас өзине тән миллий искусствосы унады»-деп көрсеткен еди Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2-май 2002-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезексиз сессиясында. Қәлеген байрам санелеринде қарақалпақ жигит-қызларының шебер атқарыўындағы номерлери, жағымлы ҳаўазы адамды өзине тартады» -деп жоқары баҳа береди. Солай екен музыканың эстетик тәрбиясында халық музыка дөретпелерин қоса үйретиў ҳәзирги дәўирдиң ең актуаль мәселесинен есапланады. Музыка арқалы жеткерилиўши билим мазмуны ҳәмме ушын қолайлы, тәрбия ҳәмме ушын жеткиликли дәрежеде болыўы, билим алыушының еркин, дөретиуши шахс сыпатында раўажланыўын тәминлеў тийис.

Бүгинги күнде музыкалық тәрбияға, барлық адамларды музыкалык искусствосына тартып, сол арқалы ҳәр тәреплеме гармоникалық раўажланыўға мүмкиншилик дүзиў сыяқлы талапты қояды. Сонлықтан улыўма билим беретуғын мектеплердиң оқыў жобасына музыка мәденияты пәни киргизилген. Музыка мәденияты сабакларында балалардың музыкалық қәбилетлери раўажланып, дүнья танымы кеңейтириледи. Музыкалық саўат тийкарында музыкалық талап ҳәм талғам қәлиплестириледи. Музыкалық массалық машқалаларының шешилиўи, музыка муғаллимлерин таярлаўдың сапасынан ғәрезли.

Музыка муғаллими жақсы музыкант, педагог, тәрбияшы болыўы лазым. Тек жоқары қанийгели музыка муғаллими ғана балаларды музыкаға үйретиў ҳәм музыкалық тәрбия сыяқлы специфкалық ўазыйпаларды атқара отырып, балалардың руўхый дүньясын, идеяларын ҳәм талапларын, гөззаллыққа умтылып өмир сүриўин қәлиплестиреди. Музыка муғаллимлерин таярлаўдың ажыралмас бир бөлеги, оларға психология, тарийхый теориялық ҳәм хор дирижёрлығы пәнлери бойынша алған билимлерин балаларды музыкалық

---

[1] Каримов.И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т.6-Ташкент: «Узбекистон».1998-303.б.

* Мәнеуиятты раўажландырыўда миллий идеяның әҳмийети.

тарбиялаў процессинде әмелий колланыўға үйретиў болып табылады. Бул ўазыйпаны музыкалық тарбия методикасы пани атқарады.

Музыкалық тәрбия дегенимиз - музыкалық өнердиң тәсири арқалы баланың жеке өзин қәлиплестириў, музыкалық интасын, уқыбын, эстетикалық көз-қарасын қәлиплестириў деген сөз.

Музыка-балаға эстетикалық тәрбия бериўдиң бирден-бир қуралы. Эстетикалық тәрбия балалардың гөззаллықты қабыллап, сезиўи ҳәм түсиниўи, жақсы менен жаманды айырып, көркемлик искерликтиң ҳәр түрине қызығыў уқыплылықларын раўажландырыўға бағдарланған.

## Улыўма билим беретуғын мектеплерде музыка тәлими ҳәм тәрбиясының миллий тийкарлары

Қарақалпақ музыка искусствосы әййемги ҳәм бай тарийхқа ийе болып есапланады. Оның мазмунында халқымыздың миллий руўхияты, жоқары инсаный пәзийлетлер ҳәм көркем философиялық руўхый көриниси сәўлеленген. Бул жоқары мәденй дәстүрлер халқымыздың келешек әўлады ушын бийбаҳа мийрас спатында хызмет етип келмекте. Сол себепли музыка тәлими ҳәм тарбиясына күшли педогогиқ тәрбия спатында караған ҳәм әсирлер даўамында қурамалы болған төмендеги тәрбия усылларынан пайдаланған.

1.**Улыўма халық педагогикасы**-Халықтың күнделикли өмиринде, семьялық дәстурлер, мийнет барысында тәбий ҳәм еркин әмелге асырылып барып отырған. Той- тамашаларда, байрамларда, улыўмалық жыйынларда ҳәм басқада сиясый ҳалларда халық музыкасының улыўма халықлық жанрлары жеке ҳәм жәмийет түринде атқарылған, ҳәм усы көринисте жәнеде нама ҳәм қосықлар жүзеге келген. Бул көринис ҳәзирде халқымыздың музыка мийрасын байытыў менен бирге жас әўладты көркем ҳәм руўхый-эстетикалық тәрбиясы ушын да оғада әҳмийетли болып келген.

Бир ғана ана ҳәйиуин алайық., еле гөдек әтирапты аңлы түрде тили шықпастан бурын миллий музыйкамыздың ырғаклары оның сезгисине биринши болып тәсир жасайды. Соныда айтыў керек, кишкене гөдек барлықты (әлемди) ана ҳәйиўи астында сезе баслайды.

Күнделикли өмирде болса, балалар ересек адамлардан музыка сабағын алады. Сол себепли халық музыкасы әмелиятта жас әўладтың улыўмалық музыка мектеби спатында атқарылып келмекте. Мине усы процесс шарапаты

менен халқымыздың улыўмалық музыка мийрасы байып, әўладтан-әўладқа жетип келмекте.

2. **<u>Кәсиплик (Устаз жолы) музыкалық тәлим усылы</u>** қурамалы мектепке ийе. Оның әмелиятта музыка тәлиминиң илимийлиги, даўам етиўлиги әмелге асрылып отырған. Тәлим мазмуны кәсип пәзийлети ҳәм шығыс халқы тәрбиясына байланыслығы себепли қурамалы оқытыў системасына ийе. Бундай «Устаз-шәкирт» әмелиятта устаздың белгили атқарыўшылығын ҳәм руўхый байлығын итибарға алыў керек. Ең әҳмийетлиси жас өнер ийелери, жыллар даўамында әмелий ҳәм теориялық билимин жетилистирип алғаннан соңғана мустақыл дөретиушилик әмелият ушын устазларынан пәтия алып шығатуғын болған. Тийкарынан жас жыраў ямаса бақсы кәнийгелиги қәлиплесиўи даўамында дөретиушилик, әсиресе композиторлық, көркем саўатлылық әҳмийетли орынды ийелеген. Усы тәризде белгили сазенделер, бақсы-жыраўлар жетилисип шыққан. Демек миллий музыка педагогикамыз, қурамалы музыка мектебине ийе болған.

Халық ҳәм кәсиплик музыка педагогикасы өз-ара байланыслы болып бир-бирин байытып барған.

Жәмийетлик аўдарыспақтан алдынғы миллий мектеплер ҳәм медиреселерде музыка айрықшы пан саптында оқытылмаған болсада, бирақ ол әдебий ҳәм философиялық пәнлер қурамында үйретилген. Саўат шығарыў ҳәм Қуран аятларының қироатлары шынығыўларында жеке ҳәм жәмәәтлик (хор) тәризинде музыка ырғаклары (даўыс пайда етиў, дурыс дем алыў ҳәм даўысты үнемлеў) үстинде белгили дәрежеде усылларды қолланған.

Медиреселердеги өзине тән көркем билим музыка мийрасымыздың раўажланыўына унамлы тәсир көрсеткен. Сондай-ақ суфизм тәлийматында да музыка белгили мазмунда руўхый философиялық пикирлердиң раўажланыўы ушын үлкен ролди ойнаған.

Тийкарынан, әдебият пани әзелден музыка менен байланыстырып оқытылған. Бунда шарият музыка ладлары өлшемлери тийкарында үйренилген. Усы орында уллы симолар (алымлар) ал-Фаробийдиң «ҳәр бир шайыр музыкадан қабары болыўы керек» деген пикирин айтып өтиу керек. Сол себепли көпшилик данышпанлар ҳәм алымларымыз ҳәр түрли пәнлер қатары музыка илиминеде үлкен итибар берген ҳәм мине усылар Орайлық Азия халықлары музыка теориясына бийбаҳа илимий мийрас калдырған.

Кеңес дәўиринде Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан мектеплеринде музыка өнери, окыў придмети спатында оқытыла баслағанлығы жақсы болды. Бунда белгили бир тәжирийбелерге, белгили бир тәлим системасына ҳәм қанийгели

кадрлар таярлаўға ерисилди. Бирақ еле ол бугинги цивилизация дәрежесинде жас әўладтың музыка мәдениятының раўажланыўы ушын жетерли дәрежеде болмай атыр. Буның бирқатар объектив ҳәм субъектив себеплери бар.

Тийкарынан:

1.Кеңес дәўириндеги музыка оқытыў теориясы ҳәм әмелияты, мазмуны ҳәм методикасында Шығыс халқына тән музыка педагогикасы ҳәм миллий музыка мийрасы жетерли дәрежеде орын ийелемегенлиги;

2.Музыка пәнине аз муғдарда оқыў сааты ажратылғанлығы, зәрүр шәрт шарайытлар жаратылмағанлығы ҳәм оқыу методик көрсетпелердиң кемлиги;

3.Таярланған ҳәм таярланып атырған педагогиқ кадрлардың, әсиресе миллий музыка мийрасынан теориялық-әмелий сабақлардың шеклеп қойылғанлығы;

4.Балалар музыка фольклоры арнаўлы көрсетилмегенлиги, музыка үлгилери болса жүда аз муғдарда баспадан шығарылғанлығы ҳәмде балалар жасына сай халық саз асбапларының киши үлгилери жаратылмағанлығы сияқлы себеплерди көрсетиў мүмкин.

Жоқардағылардың ҳәр бири, бүгинги күнде актўаль мәселе болып турыпты. Бул машқаладан шығыудың  жалғыз ҳәм туўры жолы музыка тәлимин ҳәм тәрбиясын миллий мәдений үрип-әдет дәстүрлер тийкарында қайта қурыў, мектеплердиң материяллық техникалық базасын жақсылаў ҳәм қәнийгели кадрлар менен тәминлеўден ибарат. Келешек әўладты миллий музыка мийрасымызға ийелик ете алатуғын ҳәмде дүнья музыкаларын түсине алатуғын кәмил инсанды тәрбиялаў керек деп ойлаймыз.

«Манавият-деп жазады президентимиз И.А.Каримов «Ўзбекистоннинг ўз истиқлол йўли» китабында,-өз халқынын тарийхын, оның мәденияты ҳәм ўазыйпаларын терең билиў ҳәм түсинип жетиўге сүйенгенде ғана күдиретли күшке айланады».

Ҳәзирги музыка тәлими - тәрбия аўҳалын анализлеў нәтийжелеринде, оның мазмунында миллий музыка дәстүрлеримизге тийисли үлгилер, музыкамыздың тарийхый теориялық байлығы ҳаққындағы ең тийкарғы түсиниклер, музыка алымлары ҳаққында мағлыўматлар жетерли дәрежеде орын ийелеген. Берилетуғын улыўмалық музыка түсиниклери ҳәм керекли тәжирийбелер анық системалы тәртипке түсирилмеген.

Мектепте миллий музыканы үйрениўге бағышланған оқыў қолланбалардан арнаўлы түрде ислеп шығылмаған. Музыка тәлими тараўындағы машқалаларды үйренген ҳалда «Өзбекстан Республикасы улыўма тәлим мектеплеринде музыка тәлим-тәрбиясы жобасы ислеп

шығылды ҳәм ол «Маърифат» газетасының 1992 жылғы 25 ноябрь санында баспадан шығарылған. Онда музыка тәлминиң миллий ҳәм илмий тийкарлары, мазмуны, дүзилиси, бөлиниўи, музыка оқытыўшысына болған заманагөй талаплар ҳәм тәлимниң илимий методик тәминлениўи көрсетип берилген.

Демек, улыўма билим беретуғын мектеплерде музыка тәлими ҳәм тәрбиясының миллий тийкарлары спатында миллий фольклор үлгилерин тереңрек үйретиў керек деп ойлаймыз.

## Улыўма билим беретуғын мектеплерде халық музыкасын үйрениў жоллары

Ҳәзирги ғәрезсиз елимизде болып атырған түпкиликли сиясый ҳәм экономикалық өзгерислер халық билимлендириў системасына өзинин әҳмийетли тәсирин тийгизбекте. Тийкарынан, Өзбекстан Республикасының «Тәлим ҳаққындағы» қабыл етилген жаңа нызам мазмунында улыўма билим беретуғын мектеплерде музыкалық тәлим тәрбия ислерине айрықша итибар бериў ҳәм бул иске дөретиўшилик пенен иске кирисиў талап етиледи. Бунда өз миллий руўхиятын туўры аңлаў, халық руўхиятын терең түсине алатуғын уатан сүйиспеншилиги жоқары жас әўладты тәрбиялаўдай жуўапкерли ўазыйпалар күн тәртибинде көрсетилген.

Демек солай екен, улыўма билим беретуғын мектеплерде алып барылып атырған «Музыка» мәденияты сабақлығына көбрек қарақалпақ миллий музыкаларын қосыў кереклигин айтып өтиўмиз керек деп ойлайман. Себеби халқымыздың миллий нама ҳәм қосықлары мазмунында жасларды мәртликке, ҳадаллыққа жетелеўши ҳәмде руўхый дәстурлерге ҳүрмет етиўди оятыўшы жоқары дәрежедеги сезгилер жәмленген. Әлбетте усындай нәтийжели ҳәм жуўапкерли ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын ең алды менен халық музыка дөретпелерин жақсы билетуғын қәнийгели кадрлар болыўы лазым.

Егер «Музыка мәденияты» сабақлығының мазмун түсиниги көпбинше оқытыўшының билим дәрежесиниң, миллий намаларды кәдирлеў, оларды көркем жетик тәризде атқара алыўы ҳәм улыўма мәдений дәрежеси кеңлигине байланыслы. Бирақ соның менен бирге, халық музыка дөретпелерин келешек аўлад тәрепинен өзлестирип барыўында бирғана «Музыка мәденияты» сабақлығы менен шекленип қалмаўы керек. Демек, музыка тәлим тарбияның актив түринен орынлы пайдаланыў керек деп ойлаймыз. Мектептен тысқары мекемелерде, тийкарынан музыка дөгереклеринде оқыўшылар фольклор ансамбилин дүзиў ең әҳмийетлиси болып есапланады. Туўры бундай

жыйынлардың әмелде өзине тән қыйыншылықлары бар. Себеби ансамбилге зәрүр болған дәстүр-қолланбалардан баслап, атқарыўшылар ушын саз әсбаплары, кийим-кеншеклер зәрүрлигинен ибарат. Деген менен бундай қыйыншылықларды бәне етип, бул түрдеги ансамбллерди дүзиўден ўаз кешпеў керек. Себеби гәп ғарезсиз мәмлекетимиздиң келешегин тәминлеўши келешек әўладты тәрбиялап жетистириў дөгерегинде бармақта. Сондай-ақ миллий музыкаларды үйретиў ушын белгили бир дәрежедеги киши мектеп ансамблин дүзиў керек. Усы ўакыт ишинде ансамбль басшысы қандай нәрселерди әмелге асырыўы керек? Ең алды менен ансамбль басшысы әмелдеги дәстүр тийкарында жыллық реже дүзип алады. Онда, тийкарынан зәрүр ноталар, диска жазыўлары, көргизбели қураллар, дөгерек шынығыўларының распиасниеси ҳәмде шынығыўлар темалары ислеп шығылады. Бул ислеп шығылғанша тийкарғы шынығыўларға өтиледи. Шынығыўлардың түрлериде ҳәр қыйлы болыўы мумкин. Дәслеп ансамблди үш топарға бөлип, шынығыўлар өткериў мақсетин түсиндирип өтпекшимиз. Бунда оқыўшылардың қәбилети дәрежеси ҳәм жас өзгешеликлерин итибарға алыў керек. Мәселен пикиримизше:

1.Киши топар- 4-5 класс оқыўшылары;

2.Орта топар- 6-7 класс оқыўшылары;

3.Үлкен топар-8-9 класс оқыўшыларынан дүзиў мүмкин.

Ансамбль басшысы оқыўшыларға халық сазлар ансамблин үйретиў ҳәм оларда жәмәәтлик болып саз атқарыў сырларын үйретиў менен бир қатарда музыка теориясы, фольклор үлгилери, халық музыка атқарыўшылары ҳаққында мағлыўмат берип барыў, шынығыўлардың нәтийжели болыўын жәнеде асырады. Әсиресе, музыка тыңлаўға үлкен әҳмийет бериў керек. Белгили көркем-өнер ийелеринен бақсылар, жыраўлар сәзенде ҳәм гөйенделер атқарған нама ҳәм қосықлар үлгилерин дискилердеги жазыўлар ямаса басқа техник қураллар арқалы тыңлап барыў әҳмийетли орынды ийелейди. Аўыллық жерлерде белгили болған жыраў, бақсылар менен ушрасыўлар өткериў, олар арасындағы жарыслар ҳәм «жанлы атқарыўлар» шөлкемлестириў кешелерин жәнеде күшейтиў нәтийжели болады. Соның менен бирге дөгерек басшысының өзиде миллий саз асбапларда (дуўтар, гиржек, рубаб, х.т.б.) атқарып, даўсыта қосықларды атқарып бериў оқыўшыларға жақсы тәсир етеди.

Оқыўшыларды жаслықтан баслап халық музыка дөретпелерине ҳүрмет пенен қараўға тәрбиялаў тийкарғы педагогик әҳмийетке ийе болады. Буның ушын түрли жол-жобалардан пайдаланыў мумкин. Тийкарынан, ансамбль

қатнасыўшыларына үй ўазыпа спатында ата-аналары, ағайын-туўысқанлары менен әзелден айтылып киятырған қосықты үйренип келиў тапсырылады. Албетте оқыушылар қосықтың барлығын толық үйренип келиўи қыйын. Сол себепли  олар үйренип атырған қосық ҳаққында илажы барынша көп мағлыўмат топлаўға ҳәрекет етиў керек. Деген менен қосық шама менен қайсы дәўирден бери атқарылып келинеди, оны қайсы ҳалатта атқарған, қосық қатарындағы белгисиз яки түсиниксиз болған сөз атамаларының мазмуны ҳәм басқалары сорап барылады. Имканияты барынша қосықты дискаға ямаса магнитофонға жазып алынғаны мақул. Соңынан бул қосықлар ансамбль шынығыўлары барысында  тыңлап көриўи ямаса жеке шарайытта үйренилиўи мүмкин. Буннан тысқары ансамблдиң басшысы да өзининң инциативасы менен усындай «қосык үйрениў» саяхатына алып барыў мүмкин. Демек ҳәр бир қосық ҳаққында илажы барынша кең ҳәм жетерли дәрежеде мағлыўмат топлаўға ҳарекет қылыў керек. Дыққатқа ылайықлы қосықларды сахналастырыў, жанеде қосық айтылатуғын жағдайда сахнаны «жанландырыў», оның мазмунын сахналық ҳарекетлер тийкарында сәўлелендириў мүмкин. Бул болса халық дөретпелерин жаслар арасында кең тарқатыў мүмкиншилигин береди. Себеби бул ҳалатлар қосықтың тәсири күшин жәнеде арттырады. Бул ўақытта ансамбль басшысының  тутқан орныда оғада әҳмийетли. Ол тийкарынан ҳәр бир аяқ ойынды қанийгелер менен мәсләҳатлескен ҳалда әмелге асырып барыў керек. Сол тийкарда оқыўшылардан ибарат болған фольклор ансамбль жергиликли көркем үрип-әдетлердиң қайта тиклениўине, оларды және өмирге қайтарыўға өз үлесин қосып барады. Бул нәрсе оқыўшыларда саламат миллий идея сезимлериниң раўажланыўына тасир жасайды.

Фольклор ансамбль ўақты-ўақты менен концертлер берип турыўы керек. Бул халық музыка дөретпелерин раўажландырыўға жақсы тәсир жасайды. Ансамбль атқарып атырған халық қосық ямаса намалары тыңлаўшы аўдиториясы тәрепинен қол шаппатлаўлар менен баҳаланып барылады. Аткарылған шығармалар ушын алынған тыңлаўшы алғыслары оқыўшылар ушын келешектеги дөретиўшилик жолларына түртки болып, олардың өз искерлигиниң мазмуны болыўларына  ийтермелейди.

Мектеп ҳәм мектептен тысқары шарайытта фольклор ансамбллерин дүзиў- бул усы ўакытта жас ҳәм келешек аўладтың кеўлине, санасына ата-бабаларымыздың үрип-әдетлерин сиңдириўге, үйрениўге көмеклеседи. Үрип-әдет дәстурлеримизди өз орнына қойып қәдирлеўимиз ҳәмде жасларымызды

айырым болмағыл музыка ҳәм қосықлар тәсиринен сақлаў керек деп ойлаймыз.

## Қарақалпақ үрип-әдет, дәстүр музыкасы жанрларының бөлиниўи

Қарақалпақ халықы көп әсирлик тарийхта рәң-бәрең дәстүр музыкаларын жаратып келген. Бул искусство әйемги дәуирлерден раўажланып, кейин ала тарийхый тәғдир менен байланысқан ҳалда өмиримиздеги үлкен сиясый-экономикалық ҳәм мәдений өзгерислер тәсиринде әсте-ақырынлақ пенен жоғалып баратырған болсада олардың ҳәммеси қандай идеялық бағдарда болғанлығына қарамастан, өтмиште халықтың күнделикли өмири менен тығыз байланыста болған. Сол себепли де бул искусство үлгилери хаққында мағлыуматлар, жазба (нота жазыўы аркалы) көринисте сәўлеленбеген ҳалда, өзиниң раўажланыў барысында табийғый аўыз-еки дәстүр тийкарында қурамаласып, орта әсир алымларының рисолаларында да, қосықларында ҳәм тарийхый изертлеўлерде сақланып қалған.

Ҳәзирги күнде Республикамызда үрип-әдет, ҳәм дәстурлерге итибар барған сайын күшейип бармақта. Айырымлары тәбий түп нусқа ҳалында, айырымлары тикленген көринисинде, басқалары болса өзгерген ҳалда өмиримизге кирип келмекте. Итибарлысы бизиң халқымыз ҳәр қандай қыйын шәрайытларда да, аўыр зулымлық дәўирлерде де өз тилин, үрип-әдет ҳәм миллий дәстүрлерин сақлап келген. Себеби ҳәр бир әдет ҳәм дәстүр өзиниң тарийхый тамырына, идеялық тийкарына ийе. Олар әлбетте өзинен-өзи пайда болмаған. Өтмиште инсанға саў-саламатлық, турмыста мол-көлшилик, күнделикли өмирде әўмет тилеў, табият ҳәдийселерине тәсир көрсетиў яки инсан өмириниң зәрүрлигин белгилеў, нышанлаў мақсетинде ҳәр қыйлы мазмун ҳәм көринистеги мәресимлер өткерилген. Дәстүр барысында атқарылатуғын қосық ҳәм айтымлар, саз аспаб музыкасы ҳәм танцалар, оқылатуғын дуўалар кең мәниде мәресим фольклорын пайда еткен.

Наўырыздың келиўи, биринши гүл байшешектиң ашылыўы, жамғыр, шамал ҳәм қарларды шақырыў, шамалды тоқтатыў, бәҳар мәўсиминде күш шығарып жерди шүдигарлаў, кырман қуўанышы, перзенттиң дүньяға келиўи, жасларды некеден өткериў, мархумды жерлеў, кеселди даўалаў сияқлы ўақыяларға арналған қосықлар, дуўалар пайда болган.Олардың шаңарақтағы байрамлар ҳәм дәстүрлердеги орны, тарийхый бағдары ҳәм раўажланыўы, әдебият, тарийх ҳәм этнографияда кең көлемде үйренилген болсада музыкашунаслық тараўында ҳәзирги күнге шекем арнаўлы түрде изертлеў жүргизилмеди.

XX әсирдиң ақырғы 20-30 жыллардан берли тарийхый ҳәм теориялық изертлеўлер аўыз-еки (устаз шәкирт) музыка жанрлары үстинде алып барылған еди. Музыка фольклоры, тийкарынан, дәстүр музыка жанрларын үзиликсиз түрде изертлеў ендиғана қолға алынып атарған еди. Сол себепли республикамыз ҳәм Орта Азия республикалары бойлап қыпғана музыка фольклоры экспедициялары уйымластырылып, фольклор үлгилерин магнит ленталарына ҳәм нота сызығына жазып алыў ислери натийжели алып барылған еди. Бул урыныўлар дәстүр музыкалары жанрларын сақлап қалыўға, олардың раўажларыўына, кең масса арасында пропаганда етиў ҳәм илмий изертлеў жумысларында оғада кең имканият жаратады.

Қарақалпақ дәстүр музыкасы оғада қыйын ҳәм машқалалы мәселелерден есапланады. Дәстүр музыкасы (қосык ҳәм айтыслар, жоқлаўлар) ҳаққында илмий изертилеў жумысларын алып барыў, белгили бир пикирге келиў ушын халық өмирин, тарийхы, этнографиясы, дини ҳәм руўхый мәдениятында музыканың әҳмийетли орны бар екенлигин аңлаў зарүр болады. Әййемги дәўирлерде халқымыздың руўхый өмириндеги оғада үлкен әхмийетке ийе болған диний көз-қараслары, түсиниклери, байрам ҳәм мәресимлери ҳәзирге шекем толық ҳәм жақсы изертленилмеген. Бул диний түсиниклер Өзбекстанның ҳәм Қарақалпақстанның ҳәр қыйлы жерлеринде жасаған ата-бабаларымызға да тән болғанлығы мәлим. «Қосықлар мийнеткеш халықтың экономикалық ҳәм рауўхый өмириниң ҳәмме тәреплери менен беккем байланыста болып, олар белгили бир тарийхый раўажланыў басқышында инсанияттың ойлаў дәрежесине қарап турмыстың өзине тән образларынан көркем сәўлелениўин табады»-деп жазады М.Алавия[!!!]. Қосықлар өзлеринде ең әййемги турмыслардан баслап ҳәр қыйлы дәўирлердиң ҳәр қыйлы қатламларында сақланып қалынған. Соның ушын оларда анимистик, төтемистик ҳәм ҳәр қыйлы түсиниклерге ийе болған.

Мәселен халқымыздың әййемги Наўырыз дәстурлеринде көкелемзарды хүрметлеў, суў, от, топрақ, қуяшқа сыйыныў менен байланыслы мәресим ҳәм әййемги исенимлер, буннан бир неше мың жыллар бурын пайда болган. Олар сол даўир өмирине сондай дәрежеде сиңип кеткен, олар менен байланыслы үрип-адет дәстүрлер, қосық ҳәм намалар, улыўма рәң-бәрең фольклорлық улгилер жаратылған. Дәстүр қосықлары халқымыздың өмир жолларын, сиясый- руўхый турмыс тәризин өлшеўши күшке ийе болған. Сол себепли қосық айтыў инсанға тән болған барлық сезгилерди оятыў ушын хызмет етип келген. Буннан тысқары тыңлаўшыларға да күшли тәсир көрсетип, олардың

дүньяға көз-карасларын, әтираптағы болып атырған ўакыя ҳәдийселерди терең түсиниўге үйретип келген.

Дәстүр де музыка, сөз ҳәм ҳәрекет сияқлы ең әҳмийетли орынды ийелеген. Мәселе, биз бирде-бир мәресимди қосық яки айтысларсыз көз алдымызға келтириўмиз қыйын. Дәстүр той жыйынын алатуғын болсақ халқымыз өмиринде «Бесик жыры», «Сүннет тойы», «Келин түсириў тойы»ҳ.т.б лар бар. Булардың ҳәр бириниң өзинде үрип-әдет дәстурлер сақланған ҳәм олар музыка жанрлары менен де байланысып келген. Усы мәресим үрип-әдетлердиң ҳәр бири өтмиште ҳәм ҳәзирги заманда да арнаўлы жанрлар менен байып келмекте.

Соны айрықша айтып кетиў керек, жүда көп ўақытлардан берли халқымыздың турмысында дәстүр атамасы жүритилетуғын жыйынлар онлап-жүзлеп таўылады. Бул дәстүрлердиң ҳәммеси жергиликли халықтың үлкен-кишиси ҳәм улыўма кең жәмәәтшилик пенен биргеликте бақланып келинген ҳәм усы тақлетте даўам еттирилип барылған. Дәстүрлер ҳәр түрли жанрлардан дүзилген аўыз-еки ҳәм сөз өнери болып, халқымыздың дүньяға қөз-қарасы, ой-өриси, дөретиушилик дәрежеси, арзыў-әрманлары сәўлеленген. Дәстүр фольклоры аралас түрге ийе болып, ҳәр турли искусство ( музыка, театр, хореография, тамаша) түрлерине сай элементлерин өзинде жәмлеген. Оның көп үлгилери (қосық, айтыс, жоқлаў) сөз ҳәм нама менен байланысқан, сондай-ақ жеке ҳәм жәмәәт болып атқарылған. Айырым фольклорлық шығармаларда сөз ҳәм музыка жетекши орынды ийелеген.Сол себепли бизлердиң алдымызда бир неше мәселелер турыпты: булардан бири-*мәресим ҳәм музыка*; *биринши* мәресимлерде музыканың орны (саны менен бирге музыкашунаслықта «дәстүр музыкасы» атамасы кең коллау); *екиншиси*-мәресим музыка жанрларын илмий көз-қарастан изертлеў болып есапланады.

Қарақалпақ дәстүр музыкасы ҳәзирге шекем толық классификацияланбаған болып, оның жанрлар системасы да толық анықланбаған. Сол себепли де қарақалпақ дәстүр музыкасының бөлиниулеринде жанрлардың көркем идеялық тийқарлары, олардың өзине тән табий орны белгиленген ҳалда классификациялаўмыз мүмкин. Көп жыллық изертлеўлер нәтийжеси музыка фольклор экспедициялары үлгилери бул ҳаққында туўры пикир жүритиў ушын тийкар болыўы мүмкин. Ҳәр бир дәстүр музыкасы жанрларын бөлиў, олардың өткерилиў ўакты, орны ҳәм көриниси, функциялары ҳәм атқарыўшылар составын ҳәмме ўақыт итибарға алып турыў мүмкин. Дәстүр жанрлары мазмуны жағынан бөлиў, олар

!!!! Алавия М. Ўзбек халқ марасим қўшиқлари. Т. ФАН. 1974.12.б.

ҳаққында тар түсиникти туўдырады. Себеби көркем-идея тәрепинен ҳәр бир қосық яки айтыс түрин мәўсим ямаса мийнет, балалар ямаса семьялық жанрларға киритиў мүмкин.

Белгили, ҳәр бир халықтың дәстури ҳәм оның менен байланыслы музыка фольклоры жанрлары текғана сол халықтын өзине тән болады. Бирақ бул пикир конкрет халық дәстүр музыкасы жанр составы, атқарыў характери ҳәм усылы, дәстүрдиң өткерилиў тәртибине де байланыслы болады. Лекин жүда көп халықлар дәстүр фольклорын бөлиў бир-бирине уқсаслық, топологик көринис жүзеге келеди. Мәселен, қарақалпақ халық қосық айтыслар ҳәм саз әсбаплар жанрлары  өзиниң атқаратуғын функциясы ҳәм турмыста тутқан орына муўапық еки топарды  пайда етеди: *биринщиси*, мәлим ўақыт ямаса мәлим шәрайытағана атқарылатуғын косыклар киреди. Олар семьялық дәстүр қосықлары, мийнет  қосықлары, ҳәйиў, жоқлаў сияқлы дәстүрлерде атқарылатуғын  қосықлар. *Екиншиси*:  қәлеген ўақытта ҳәм ҳәр қандай шарайытта атқарылатуғын қосықлар. Бул топарға рәң-бәрең мазмундағы музыка фольклоры жанрлары терме-толғаў ҳәм усыған уқсас қосықлар киреди.

Ҳәр бир топар өзине тән характерли белгиге ийе болып, белгили бир жанрлар менен ажралып турады. Белгили бир мәресим ҳәм басқа шәрайыт пенен байланыслы фольклор жанрлар биринши топарды пайда етеди. Лекин қарақалпақ музыка фольклорының үлкен бөлими ҳәр қыйлы дәстүр менен байланыслы болған жанрлар болып, олар ҳәзирге шекем илимий тәрептен толық изертленбеди. Усы мәселе музыка илиминде үлкен орын ийелеп келмекте. Көпшилик изертлеўлерде мәресим фольклоры тийкарынан үлкен еки топарға-мәўсим мәресимлери фольклоры ҳәмде семьялық дәстүр фолклорына ажратылған ҳалда бөлинеди. Демек, барлық мәресим фольклоры жанрлары мине усы еки топар дөгерегинде пикирлеў жүргизеди.

Қарақалпақ халық музыка дөретпелери үстинде илимий жумыс алып барған алым Қ.Айымбетов  бул дөретпелерди бир нешеге бөлген.

Автор «Халык даналығы» мийнетиниң кирис сөзиниң ақырында қарақалпақ халықларының қарым-қатнасының беккемлениўи менен, халық дөретпелериниң көп миллетли түрде халықлардың мәдениятының интернационаллық характерин беккемлейтуғынын көрсетеди.

Китаптың биринши бөлими «Салт-дәстүр жырлары» - деп аталып, онда «Ҳәўжар», «Бет ашар», «Бәдик», «Гулапсан», «Бесик жыры», «Ярамазан», «Хошласыў», «Еситтириў», «Кеўил айтыў», «Сынсыў», «Жоқлаў» сөз етилип, оларға қысқаша характеристика берилип, мысаллар келтириледи, онда

халықтың тарийхы, дәстүрлери, түсиниклери менен байланыслылығы айтылады[1].

Екинши бөлим «Жайдары қосық, мийнет қосықлары» деп аталды. Бунда автор балалар ойынына байланыслы «Ҳәкке қайда», «Түлкишек», «Ҳә түйелер, түйелер», «Әўелемен-дүўелемен» қосықларын келтиреди. Сондай-ақ бул жерде жәнеде «Шөгир көл», «Ала ғарға», «Шопыр жынғыл», «Шарық ийирип», «Жуўери ектим», қосыклары жақсы келген. Оларда анализ болмаған менен мысаллардың өзи жүда характерли. Ал «Болсам», «Шоманай», «Таўып ал», «Қызлар қосығы» мийнет қосықлары емес, ал автор белгилегендей мазмуны бойынша ҳәр қыйлы тематикадағы жайдары қосықлар.

Бул бөлимде «Қырық жигит ойыны», «Бәйт» ҳаққында гәп етиледи. Автордың тастыйықлаўынша «Ауыз әдебиятының бәйт түри қарақалпақларға Хорезм өзбеклериниң аўыз әдебиятынан кирип, қарақалпақлардың қырқ жигит ойынанда айтылатуғын репертўарларында соңғы заманларда беккем орын алған». Бунда ески өзбек тилиниң нормасы сақланған.

Усы бөлимниң ақырында «Қыз Минайым», «Билезигим» қосықлары ҳаққында тоқталып, олардың қарақалпақ халық қосықлары екенлиги айтылып, мысаллар келтириледи.

Дәстүр музыкасы жанрларының классификациясының бир неше жоллары бар. Биринши–бар жанрларды тематик ҳәм көркем идеялық тәрепи тийкарында олардың өз-ара мүнасебетин нәзерде тутпаған ҳалда бөледи. Бундай бөлистирилиўи жанрлардың өзине тән тәбий, оның жанрлар системасындағы тутқан орны белгиленеди. Екиншиси-жанрлардың бир-бириниң мүнесебети ҳәм функциясына байланысы, олардың байланыс барысын аныклаў. Үшиншиси-жанрлардың атқарылыў ҳәрекети ҳәм усылы, конкрет ўақыялық жанрдың тәсири, оның орны ҳәм дәстүрдеги орыны болып табылады. Усы тәреплеринен көплеген халықлардың мәресим музыкалары еки үлкен топарға бөлинеди. Мәселен, Орта Азия халықларының дерлик ҳәммесинде дәстүр музыкасы сол топарға- мәўсим ҳәм семьялық дәстүр музыкалары жанрларға ажралып турылады. Сондай-ақ қарақалпақ дәстүр музыкалары да өзиниң турмыслық функциясы ҳәм мазмуны тәрепинен дәслеп үлкен еки топарға болинеди. Бул еки топарда өз наўбетинде атама функциональ тараўы, түри, музыкалық поэтик тәбияты, атқарылыў усылы ( аз әспабысыз ямаса саз әспабы менен, жеке ямаса жәмаат болып атқарыў, дәстурий, дөретиушилик характери, атқарыў составы, ҳайаллар ямаса ерлер,

[1] Қ.Айымбетов. «Халық даналыгы» Нөкис «Қарақалпақстан».1988.ж.13.б.

балалар яки аралас ҳ.т.б) менен ҳәр түрли жанрларн өз ишине алады. Ол өзинде фольклор ҳәм устаз (аўыз-еки профессиональ) жанрларын бирлестиреди. Соның ушын ҳәр бир топар өз ишинде ҳәр қыйлы топарларға (макро-улкен дузилис ҳәм микро-киши дузилис) бөлинип классификация етилиўи зәрүр.

Абу Райхан Беруний өзиниң «Қәдимий холқлардан қолган ёдигарликлар» атлы шығармасында халық арасында кең тарқалған мәресимлерди, тийкарынан, еки түрге ажратқан: бириншиси-халық байрамлары ҳәм дәстүрлери (халық арасында бар болған ҳәм онан турмыста жүзеге келип, кең тарқалған тәбий ўақыяларға бағышланған-мәўсим, семья дәстүрлери), екиншиси- диний мәресимлер болып есапланады. Олардың жүзеге келиўи, биринШиден, Орта Азия терeториясында кең тарқалған зардўштийлик, жанеде отпараслық дини менен көбрек байланыслы болса, екиншиден, мусылманлардың орта әсирлерде келиўиниң тәсиринен есапланады. Ҳәр бир дәстүр халқымыздың турмыс тәризи менен тығыз байланыслы.

Мәселен: 1. <u>Дин-салты</u>. Қарақалпақ фольклорының барлық майда жанрларын қосықшы жыршылар деп айтады. Оның бир түри салт-дәстүр жырлары болып есапланады.

Салт-дәстур жырлары деп, халықтың салты-дәстури менен байланыслы қосық жырларына айтамыз. Өткендеги халық өмиринде дүньяға көз-қарасы ҳәм қоршап турған тәбийғый ҳәрекетлерди, дүньяны қалай түсиниў туўралы салт жырларын дөреткен, жырлаған. Буған бәдик, гүлапсан, қамшылаў, қурт шақырыў, жин, арыўақ шақырыў-аўрыўларды емлеў жырлары киреди.

Салт-дәстүр жырларының бир түри, келин түсиргенде, қыз узатқандағы айтылатуғын <u>*ҳәўжар, той баслаў, бет ашар*</u> жырлары болып аталады. Және де адамлар жәбир көргенде, басына өлим, қайғы түскенде өзи жасаған заманның теңсизлигине наразылықтан дөреген жырлары <u>*муң-шер*</u> жырлары болып аталады. Бул жырларға <u>*жоқлаў, сыңсыў, кеўил айтыў, еситтириў*</u> қусаған жыр қосықлары киреди.

Жас балалар ойын ойнағанда поэтикалық қосықлар айтып ойнаған ойынын атқарады. Қарақалпақ халқының тарийхында, оның этнографиялық үрп-әдетиниң тарийхынан салт-дәстүр жырлары толып атырған мағлыўматлар береди.

<u>**Бәдик.**</u> Дәстүр салт жырларының бири «Бәдик» болып аталады, бул салт жыры ең ески дәстүрлерден қалған көринислер, ол поэзия, көбинесе ески инанымлардан турады.

Адамлар поэзиясының күши менен денесине бәдик жарасы (Ветреняя оспа) шыққан балаға, бадик жырын жырлағанда аўырған баланы күн батардың алдында ортаға жатқарып қойып коллектив болып қосық айтқан. Бул бәдик жырларында бурынғы адамлардың отқа табыныўшылық дәўирин көриўге болады. Бәдик-гүлапсан жырларының үлгиси төмендегише болады:

Бәдик ала,
Бәдик -ала,
Бәдикти көшире көр, алла тала,
Бәдикти көширмесең алла тала,
Изиннен жиберемен отты шала, ҳ.т.б

Бәдик дәстүри жырының бир түри «Гүлапсан» болып аталған. Өткендеги адамлар жыр, қосық, поэзияны да руўхый азық сыпатында аўырыўды емлеўге де жәрдем қылады деп түсинген.

**Арўақ шақырыў** Адамлардың ерте замандағы түсинигинше сөз тили менен түрли қорқынышлы ҳайўанлар, жин шақырыў арқалы табият стихиясын, аўырыўды жеңиў, емлеў ушын түрли ҳәрекетлер етип поэтикалық сөз жырлап дөреткен. Бул ҳаққында профессиональ адамлар болған, олар түрли халықта ҳәр түрли болып аталады. Илимий тиллерде шаман болып аталады, ал қазақша-бақсы, ал өзбеклер перихан яғный перилердиң ханы, қарақалпаклар порхан деп атайды. Порханлар өзиниң зикир салыў ҳәрекетин басқалар алдында қобыз шертип, жыр-жырлайды, оны жин-арўақ шақырыў деп атайды.

Порхан қобызың шертип болғаннан кейин аўырыўды ортаға қойып, сыбанып кийинип, белин беккем бууып, қарыўлы жигитлерди қасына дөгереклеп дизип ийинлерине қол салысып қатарласып, «ҳуўҳаҳий»! Деген даўыслар шығарып қатарласып секиреди. Аўыр жүкти қозғай алмай атырған адамлардай қосылып секирип, түрли сеслер шығарып қутырып кетеди. Қара үйдиң шаңарағына асылып салбырап түргеледи, отқа таплап қызарған темир кепкирди тил менен жалаған болады, тағыда басқа иллюзиялық (көз байлаўыш) ҳәрекетлер қылып, жыйылған көпти өз ҳәрекетлери, айтқан қосық қатары менен инандырып, бийлеп алады. Ортада жатқан аўырыўдың арқасына шаппат пенен урады, оны жулқып үстине шығып арқасына тебеди, аўырыўдың астан кестенин шығарады, бул ўақытта аўырыў талып жатады, қатарласып отырған қатынлардың арқаларына урған ўақытта порханның ҳәрекет даўысларына шыннан исенип талып қалады, порхан қайтадан барып қатынлардың арқасына шаппатлар урып, қатынлардың хў-шыўын тиклеп өз

қәддине келтиреди, гай бир есер жигитлер қызып кетип «мениң арқам бар» деп, Порхан менен гүресип, алысып кететуғын жағдайларда болады, егер Порхан жығылып қалса, порханның абыройы түсип, ал ауылдан кетип қалады. «Арқалы жигит» порхан болып кететуғын жагдайлар болған. Порханның зикир салған ўақытлары арўакларын шақырып айтатуғын қосық қатарларынан қосық жыр үлгиси мынадай болады.

Кереги баслы кер жылан,
Керилип турмай кел бери,
Ақ қара бас куў болып,
Қанаты селпе суў болып.ҳ.т.б.

деп ҳайўанлардың мөңиреген, улыған даўысларына усаған, хуўха-хуў! қусаған бақырған сеслерин шығарып, порханның ҳәрекетине түрли сеслер менен қосылып, әри-бери ийинлерине қол салысып, ҳәммеси илгерили-кейинли секиреди.

Келҳа, келҳа кел бериң Ҳуппа ҳуўа деген сеселер, ҳәрекетлер менен қосылып кетеди. Қарақалпақлар арасында порханшылық салт-дәстүр усы күнлерге дейин сақланып келген.

**Қурбан-ҳайт ораза** Бул салт-дәстүр жыры қурбан ҳайты яки ораза ҳайты (байрамы) күнлеринде балалар тәрепинен айтылған. Бурынлары балалар медиресе, мектеплерде оқыў тоқтар алдында молламызға сыйлық бериң,-деп ата-анасына келип Айды-Қурбан, айды рўза қосығын айтқан, ол гездеги мектеп ески өзбек (түрки)тилинде болғанлықтан, қосық ески өзбек «түрки» тилде айтылған, ол айды рўза-ҳайт қурбан қосығынын үлгиси былай болып келеди.

Ҳайды руўза келди деп,
Аламны гүлзар әйлади,
Бүлбүли бийшараны
Гүл ышқыда зар әйлады,ҳ.т.б.

**Ярамазан** - қарақалпақ салт жырларынан бири. Бул ярамазан салт-дәстүр жыры барлық түрк тиллес халықлардың тилинде бурыннан айтылып жүрген. Бул ярамазан ислам дининиң тәсириндеги қураны кәримниң бес парызының бири болып, адамлардың бир айлық ораза тутқанда айдың басында, ортасында ҳәм аяғында айтылады. Салт-дәстүр жырларының

ишинде ярамазан қосықлары халықтың салтынан соңғы дәўирге дейин келип жеткен.

Ярамазанды кәсип қылған адамлар бурынғы заманда қасына бир неше жасларды топлап алып, басқа урыўдың еллерине барып, жаңа түскен келиншектиң, яки үйинде ер жеткен қызы бар үйдиң тусына келип, ат үстинде турып ярамазан айтатуғын болған. Ярамазаншы ярамазанның төрт қатарын айтып болғаннан кейин қасындағылар коллектив болып, хор менен ярамазаншыны (баслаўшыны) қуўатлаған. Булардың жыры сахнадағы хорға уқсап кетеди.

Ярамазанның қосық үлгилери төмендегше болып келеди:

Мынаў үйдиң есиги ербенеди,
Төринде алтын бесик тербеледи,
Ярамазан айтканға не береди,

Нақыраты
Әли шәли қудаға, нур айдым Мустапаға,
Мухаммед ҳүрметине ярамазан.ҳ.т.б.

Ярамазанның соңғы нақыраты «әли-шәли...» қатарларын айтқанда ҳәммеси қосылып хор қылып айтады, олардың коллектив болып даўыс қосыўы сахна өнерине уқсап кетеди. Ярамазанның кейнинде ярамазан айтып барған үйдиң берген сыйлығына қарай поэтикалық қосық қатарлары менен «патия» береди. Ол қосық қатарларының үлгиси мынадай:

Нан бердиңиз бизге,
Жасыңыз жетсин жүзге,
Асын-асын асына
Берекет берсин басына.ҳ. т. б.

Ярамазанның басы дин салтынан басланса да, жаслардың ойын заўығы ўазыйпасын атқарған.

**Қарақалпақ дәстүрлериндеги той баслаў ҳәм ҳәўжарды үйрениў**

Ҳәўжар яки яр-яр салт-дәстүр өткендеги халық дәстүрлериниң бир түри болып, ол тойда коллектив болып жыр жырлағанда, той баслағанда атқарылған.

Қарақалпақ халық легендаларында «Той баслап қосық айтты» деген сөз ушырасады. Шынында да тойды баслаған қосықты поэтикалық терме, яки қосық қурылысында баслайды.

Той баслаўшы тойды қосық айтып баслағанда ол қосығын айтып болғаннан кейин оның қасында бир неше қыз-жигитлер «ҳәўжар», «яр-яр» деген қатарлар менен нақыратын қайтарады. Ол коллектив түрде жыр жырлаған хорға уқсап кетип турады.

Той баслаўды кәсип қылып жүрген айырым сөз шеберлери де болған, тойды баслаўшы өзиниң үйренип алған той баслаў қосығын айтып және оған өзиниң шайыршылығын қосып, тойдың болып атырған жағдайын көпке түсиндирип, той бериўшини көтермелеп мақтайды.

Бул ҳәўжар айтыў халық дәстуриниң халық дәстанларында изи көринеди. Мәселен «Алпамыс» дәстанындағы Гүлшин шоры менен Қултайдың ҳәўжар айтысыўы халық салт жырларының сәўлелениўи болады. Ҳәўжар қосығының үлгилери мынадай болып келеди:

Жылама үкем жылама,
Той сеники, яр-яр,
Тоқсан баслы ақ орда,
Әй сеники, яр-яр.

Бағда бенеў киснейди,
Ат болдым деп, яр-яр,
Узатқан қыз жылайды,
Жат болдым деп, яр-яр.

Той баслап ҳәўжар айтып, жыр жырлап, көпшиликке ойын заўық көрсеткен сөз шбери өзиниң поэтикалық сөзге усталығына қарап сөйлеген сөзин, айтқан қосығын ҳәр мухамға дөндирип жыйылған көпти аўзына қаратады. Той баслаўшының қосығын қуўатлап көтермелеп, «ҳәўжар» деп айтқан жаслардың хош ҳаўаз даўыслары жыйылған көпти өзине тартып, ҳәзирги заман сахна өнерине усаған. Той баслаўшы сол ўақыттағы жағдайға қарап айтатуғын қосығын өзгертип отырады. Халық дәстүри бойынша «бақсы

байрақ» тағыда басқа сыйлықлар қатарында той баслаўшыда той бериўшиден сыйлықлар алған.

**<u>Бет ашар</u>** Бет ашарды шайыр адам, сөзге шебер қосықшылар баслайды. Бет ашар еки түрли болады. Бириншиси «айтым», екиншиси «бет ашар». Бет ашардан айтым түри келиншек ел шетине келип, аўыл арасы менен жүрип үйге кирер алдында бет ашарды айтыўшы жаңа киятырған келиншек пенен тойдың болатуғынын халыққа дағаза ретинде бир неше қатардан ибарат айтым айтады. Келиншектиң киятырғанын поэтикалық сөзлер менен хабарландырады. Бул «айтымның» үлгиси мынадай болады.

Келин-келин, келип тур,
Ийилип салем берип тур.
Келиншек келди, көриниз,
Көримлигин бериңиз.
Ала гула демениз,
Атын айтып қоймаңыз.

деп айтып, той бериўшиден көримлик сыйлық алады. Жаңа киятырған келиншек көп қызлардың қатарына қатарласып жүрип, келин босағадан киреpде қолын босағаға тийгизип, оннан кейин маңлайына тийгизип, ийилип тәжим береди.

Үйдиң оң жағына шымылдық тутылып, келиншек оған киргизилип, бир неше қызлар менен қатарласып отырады. Келиншектиң бетине орамал тутылады. Күн батқаннан таң атканша үйге ким кирсе, шықса, қызлар менен бирге орнынан турып отырады.

Ертеңине таң атканнан кейин той сәддибеси басланар алдында келиншектиң бетин ашыўшы тайын болады. Бет ашыўшының қолында сырық, оның ушында ҳасыл зат яки пул түйилген орамал байланған болады. Ол орамалдың бир ушы келиншектиң бетин жапқан орамалға байланады. Бет ашарды айтыўшы бет ашарды баслайды. Ол ҳәр қосығының артында «оған берин бир салем, буған бериң бир сәлем» деп сөзин питиреpде қолындағы сырықтың ушын жоқары көтереди. Сол ўақытта жаңа түскен келиншектиң бет әлпети көринеди. Келиншек басын төмен ийеди, жыйылған көпшилик келиншектиң бетине топарласып қарайды.

Бет ашар аўыз адебиятында, халық өмиринде үлкен орын тутқан, бет ашарда жаңа түскен келиншекке ел-журтты таныстырыў менен оған әдепли-икрамлы болыуға шақырады. Ол заман ушын үй ишин (семьяны) беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе болған. Бет ашарда көбинесе заман тилеги, үрип-әдети,

тәртипли бол, келиншек болып түскен жерге ҳадал хызмет қыл, деп үйретеди. Бул бет ашардың қосықлары, көшли поэтикалық қатардан турады.

Қарақалпақлардың келиншек түсириў дәстүринде бет ашар қосығы халқымыздың бурыннан киятырған дәстүрлеринен есапланып, ҳәзирги ўақытлары келиншек түскенде «бет ашар» қосықлары айырым келиншек түсиў тойларында және қайтадан жаңа дәстурге, жаңа мазмун ҳәм формаға айланғанын көремиз.

Өткен дәўирлерде жүзеге келген мәресимлер, дәстүрлер ҳәзирги күнге шекем сақланып, қайта тикленген ҳалда көринеди. Ислам динине шекемги дәўирлерде халқымыздың руўхый өмиринде динлердиң ҳәр қыйлы көринислери, рәң-бәрең дәстүрлер, дәстүрлер әҳмийетли орынды ийелеген. Динлердиң әййемги түрлери зардуштийлик ҳәм диний дәстурлердиң айырымлары, халқымыздың руўхый өмиринде әҳмийетли орын тутқан ҳәм турмысына тереӊ тамыр урған, сондай ақ үрип-әдетлер ҳәм мәресимлерге сиңип кеткен. Бизиң ата бабаларымыз руўхлар, пал ашыў ҳәм басқада, биз жоқарда келтирип кеткен дәстүрлерди кең пайдаланған.

Демек қарақалпақ үрип-әдет дәстүрлер өзиниң турмыслық тараўы, мақсти, музыкалық поэтик түрлери ҳәм атқарыўшылық усыллары тәрепинен дәслеп үш үлкен топарға: мәўсимлик дәстүр, семьялық дәстүр ҳәм диний дәстүрлер музыкасына бөлинген.

Қарақалпақ халқының халық дөретпелериниң ишинде ең ириси бул-эпослар болып есапланады. Ҳәзир Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими фондында көплеген эпослар сакланбакта.

Қарақалпақ халқының эстетикалық көз-қараслары көп жағдайда оның эстетикалық түсиниклери менен тығыз байланысып отырады. Өзиниң эстетикалық сезимлерин билдире отырып, халық көбинше оны мийнетке, ерлик, ўатан сүйиўшилик сезимлери оятыўға өз тәсирин тийгизеди. Қарақалпақ дәстанларында мийнет сүйгишликке, патриотизм, руўлардын бөлиниўи ҳәм олар арасындағы қатнасықлар, ҳаял адамларды кәдирлеў, жасүлкенлерге ҳүрмет пенен қараў, адамгершилик, балаларға ғамқолық етиў, туўылған жерге, табиятка ҳүрмет иззетин билдириўден ибарат болып есапланады.

Ал дәстанлардың қаҳарманлық дәстанларға «Алпамыс», «Қоблан» ҳәм басқада көплеген дәстанларды киргизиўге болады. Ал «Саятхан Ҳәмира», «Ғәрип ашық» дәстанлары ашықлық дәстанлар қатарына киргизеди. Ал лиро-эпосларда көшпели халықлардың күнделикли турмыс-тиришилиги орын алады. Олардағы негизги тематика жаслардың бир-бирине деген шексиз

сүйиспеншилик сәулеленип, баслы идея үстем топардың қатаң мүнсебети дәўиринде мухаббат ушын гүрес, халықтың үрип әдет дәстүрлери ушын орын алған.

Дәстанларда халық омири тарийхындағы шын мәниде болған ўақыялар: басқыншыларға қарсы гүрес, күнделикли өмирдиң қайғысы менен қуўанышы, үлкен адамгершиликлик сезимлер, үрип әдет-дәстурлер, эстетикалық көз-қараслар өз көринисин табады. Мине сонлықтан да қарақалпақ халқы ушын дәстанлар басқада халықлар сияклы, эстетикалық көз-қараслардың негизги өзеги есапланады.

Соның менен бирге дәстан мазмунының тыңлаўшыларға жақсы жетип барыўы, мазмунлы болыўы атқарыўшыларға, оның атқарыў шеберлигине, шешенлик қәбилетине, дауыс ырғағына, музыкалық әсбапты жақсы меңгере билиўине байланыслы болған.

Қарақалпақлардың оғада бай халықлық дәстанлары халықтың арзыў-әрманлары менен мурат мақсетин билдиреди, және адамгершиликлик ҳәм эстетикалық тәрбия бериўде, шахстың руўхый тәрепин байытыўда үлкен рол ойнаған. Дастанларда берилген баҳалы педагогикалық идеялар балалар менен жасларға мараллық-эстетикалық тәрбия бериўге ҳәмде музыкалық-эстетикалық жағынан олардың ой-өрисин раўажландырыўға жәрдем береди. Онда қарақалпақ тилиниң байлығын ҳәм оның шексиз эстетикалық мүмкиншилигин «соқырға таяк услатқандай» деген халық арасындағы нақыл мақалга сүйннип айтыўға болады.

Қарақалпақ халқының музыкалық эстетикалық тәрбия бериўи жөниндеги ең әҳмийетли қуралларының бири ертек болып табылады. Олар халықтың турмыс-тиришилиги, үрип-адет дәстүрлери, бахыт жолындағы гүреси, инсанның өз-ара қарым-қатнасы ҳәм минез қулқы, қарақалпақ халқының ең жақсы қәсийетлери мийнет сүйгишлиги жәмлескен. Қайсы халықтыңда ертеклери балалардың жас өзгешеликлерине, олардың мурат-мақсети менен жақсы тилекелринен қуралып отырады.

Басқа халықлар сияклы. Қарақалпақ халқының педагогикасында да ертек жас аўладқа эстетикалық тәрбия бериўде үлкен рол ойнайды. Сондай-ақ ертеклерди, жасларда, ересек адамларда қунығып тыңлайды. Қарақалпақ халқының ертеклери өзиниң терең мазмуны, шынлығы, ҳәзил дәлкекке байлығы, сондай-ақ ондағы қандайда бир образды сүўретлеп бериўи жағынан оғада әҳмийетли болып есапланады.

Қарақалпақ халқының дөретпелеринде, әсиресе дәстанлары менен ертеклеринде жеккеленген қублыслар, фантастикалық қублылар

көрсетилгени менен олардың мазмунында болмыстың объектив көриниси сәўлеленип отырады.

## Ж У Ў М А Қ Л А Ў

Музыкалық эстетикалық тәрбияның қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы халықтың көп әсирлик тарийхы, турмыс тиришилиги ҳәм мәденияты менен тығыз байланыслы екени мәлим. Орта Азия халықлары сияқлы қарақалпақ халқының да өзиниң сиясый-экономикалық, тарийхый ҳәм географиялық жайласыўлары, турмыс тиришилигине сай үрип-әдет дастурлери бар. Орта Азия халықлары арасындағы саўда-сатық, мәдений байланыслар дәстурлердиң уқсаслық тәреплери, аңыз әпсаналары, нақыл мақаллары, қолланбалы өнери, музыксы, қосыклары тәрбияның халыклық дәстүрлери менен байланысып келген.

Сонлықтанда халық дөретпелериниң қосық сияқлы түри халықлық үрип-әдет дәстурлер, ойынлар менен бирге орынланып келген. Ал театр өнериниң көплеген элементлери халық өмиринде ҳәзиргидей көринисте болмаған менен өзине тән көринисте кәлиплескен. Тарийхый, этнографиялық материяллары ҳәм халықтың аўз-еки дөретпелерин изертлеў ҳәм үйрениў, қарақалпақ халқының үрип-әдет дәстурлерин таллаў, балаларды мийнет сүйгишликке, халық музыкасын кәдирлеўге, халықтың қолланбалы өнерине ҳүрмет пенен қараўды өз алдына мақсет етип қойады.

Халық педагогикасында семьядағы қарым-қатнаслар ишинде, биринши орында балаларға деген мийирманлық, ата-аналарды, өзинен жасы үлкенлерди ҳүрмет етиў сияқлы үрип-әдет дәстурлер сақланған. Сонлықтанда тәрбиядағы қаталлық пенен талап етиўшилик –халық педагогикасының негизгинен есапланады.

Соның менен бирге халық дөретпелеринде музыкалық тәрбияға байланыслы жерлери де бар. Мәселен, семьяда балаларға музыкалық-эстетикалық тарбия бериў қарақалпақларда әсирлер бойы қәлиплесип келген. Буның барлығы тийкарынан жеке шахсты тәрбиялаўға хызмет етеди. Сонлықтанда бир қатар жағдайларда бул семьялық дәстүрлер музыкалық-эстетикалық тәрбияның кейинги машқалаларын шешиўге аз болсада өз тасирин тийгизеди деп тусинемиз.

Және де инсанның жақсы қәсийетлери жуғымлы болсын ямаса сол инсандай бахыт, дәўлетли, шебер өнер ийеси болсын деген түсиник қәлиплескен. Семьяда жас балаларға нийет пенен үлкен бақсы, жыраў ямаса ҳәзирги дәўирде жақсы қосықшы ямаса музыка дөретиуши инсанлардың сарқытын бериў, таңлайына түкиртиў сияклы ҳәр түрли ырымлар халықтың өмиринен орын алған.

Халқымыздың өмир тарийхы менен суўғарылған өтмишлерин сүўретлеўши бийбаҳа миллий музыкаларымызды, қәдирлеп оны жасларға үйретиўимиз шарт. Бул миллий музыкамыз, намаларымыз қарақалпақ халқының миллийлигин аңлатады. Музыка менен халық бир жан, бир тән болып келген. Ата-баба мийрасларын келешек әўладтың билиуи шарт деп ойлаймыз. Сонлықтанда миллий музыкамызды, маданиятымызды, үрип-әдет дәстүрлеримизди, өзимизге тән болған музыкамыздың миллий коларитин жоғалтпай, миллий ғазийнемизди қәстерлеп ҳәм турмыста қолланып жасағанымыз дурыс болады.

Миллий сазларымыз екинши мәрте дүньяға келип атырған бир мәўритимизде, жасларды қызықтырып оларды үйретиў ушын радио-теле көрсетиўлерден тез-тез еситтирип барғаны жаксы. Себеби еситтириўлер жасларда миллий музыкаға, халық музыка дөретпелерине деген қандайда бир сезимди оятыўы мүмкин.

Барлық окық орынларында «мәденият таныў» сабаклығын шөлкемлестирип, миллий музыкаға көбирек итибар берилип, жасларға түсиник берилгени дурыс болар еди. Сонын менен миллийликтин де аңлайды ҳәм пайдалы жағы, жасларды миллий музыкаға қызықтырып аламыз.

Миллий музыканы үйрениў ўақтында музыка тарийхына, намалар тарийхына да итибар берилип, түсиндирилип барылғаны дурыс. Атқарыўшылардың дөретиушилик жоллары менен бағдарламалары, атқарыўшылық усыллары ҳәм қайсы мектепке тән екенлигине бағдар берилип барылыў керек. Бул миллий музыканы үйрениў менен бирге, тарийхында бир ўакытта үйрениў ямаса түсинике ийе болыў деген соз.

Жаслар бирден қызығып кетиўи әлбетте қыйын, деген менен белгили бир түсиникке ийе болыўлары керек, өзиниң миллий әспабларын, олардың атқарған сазларын, толғаўларын, нама қосықларын билиўи шарт.

Атқарыўшылардың, миллий музыканың жәрдеминде халық дәстанларында аңлайды ҳәм сүйсине тыңлайды. Себеби миллий музыка кимди болса да өзине ериксиз тартады. Халқымыздың миллийлигин сазлары, қосықлары, нағыслары, үрип-әдетлери дәстурлери аңлатады. Деген менен музыкасы менен бирден басқа миллеттен өзгеше екенлиги көринеди. Себеби намаларда қосықларда, толғаўларда халық тарийхы, өтмиши сезилип турады. Бул жақты күнге жетисемиз өнип-өсемиз, раўажланып өз алдымызға уллы халық боламан дегенше халық әрманлары, арзыў үмитлери музыкада сәўлеленген.

Бийбаҳа мийрас болып келген бул ғәзийне бугинликте жасларға керек болмаўы яки жаслар қызықпаўы мүмкин емес. ғарезсизлик шарапаты менен қайта қолға алынып, халық қуўанышқа бөленди. Көплеген миллий байрамларды жаслар енди түсинип атыр. Миллийлигимизге, миллий музыкаларымызға жаслар, қызығыўшаң көз караста болмақта.

Халық миллийлигине әлбетте жасларымыз үгит-насиятсызызақ өзлери қызықсынады. Себеби миллий дәстүрлер қайта тикленди, намалары жаңлады, газета-журналларда миллийлигимиз түрли темаларда жарияланып келмекте.

## Пайдаланган адебиятлар


1. Каримов И.А. “Тарихий хотирасиз келажак йўқ”. Тошкент, “Шарк”, 1998
2. Каримов И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т.6. - Ташкент, “Узбекистан”.
3. Каримов И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т.6, Т., 1998
4. Каримов И.А. Раскрытия потенциал каракалпакской земли, подъем уровня жизни людей – актуальная задача. Правда Востока, 2002, 3-мая.
5. Адамбаева. Т. Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы. Нөкис 1976-жыл.
6. Алеўов.Ө. Ажиняздың ағартыушылық ойлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1982 жыл
7. Алеуов.Ө. «Әйемги Орта Азия халықларының педагогикалық ойлары.Нөкис.1987ж
8. Алеуов. Ө. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларындағы қарақалпақ әдебиятындағы ағартыўшылық пикирлер.Нөкис.Карақалпақстан.1992.ж
9. Алеуов. Ө. Қарақалпақстанда тәлим тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи хәм раўажланыўы.Нөкис.Билим.1993жыл
10. Алеуов.Ө. Станавление и развитие педагогической мысли в Каракалпакстане (Сдревнейших времен до 30-х годов XX века). Нукус. Билим.1996 год
11. Айымбетов. К. Халық даналығы. Нөкис 1988-жыл
12. Айымбетов.К. Тарийхый қосықлар, жыраўлар репертуарында «Амиўдарья» журналы N7 1964-ж
13. Ажинияз "Бир пәрий" Нөкис 1993жыл
14. Алламуратов. А, Доспанов О., Тлеумуратов Г. "Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги" Нөкис 1991-жыл
15. Алланазаров. Д. "Қарақалпақ халық сазлары" Нөкис 2002-жыл
16. Даукараев. Н. "Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының очерклери". Нөкис 1961-жыл
17. Тажимуратов. А. «Қарақалпақ халық қосықлары». Нөкис 1965-жыл
18. Қарақалпақ фольклоры V-том. Нөкис 1980-ж
19. Қарақалпақ халық намалары VIII-том Ташкент 1959-ж
20. Бердак Таңламалы шығармалары Нөкис 1987-ж

21. Даукараев Н. Шығармаларының толык жыйнағы 2-том. Нөкис 1977-жыл
22. Мамбетов К Қарақалпақ толғаўлары Нөкис 1995жыл
23. Едиге Қарақалпақ халық даналығы Нөкис 2001-жыл
24. Максетов.К. "Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар" Нөкис 1970-жыл
25. Қарақалпақстан журналы N4-5 саны Нөкис 2002-ж
26. Юсупов. И. "Таңламалы шығармалары" Нөкис 1987-жыл
27. Өтегенов. К, Аманиязов.Ғ, Заретдинов.Қ. "Қарақалпақ музыка тарийхы" Нөкис 2003-жыл

# М А З М У Н Ы

**Кирисиў…………………………………………………………………..……3**

**Улыўма билим беретуғын мектеплерде музыка тәлими ҳәм тәрбиясының миллий тийкарлары………………………………………………………..……6**

**Улыўма билим беретуғын мектеплерде халық музыкасын үйрениў жоллары……………………………………………………………………..…..9**

**Қарақалпақ үрип-әдет, дәстүр музыкасы жанрларының бөлинўи…………………………………………………………………….…..12**

**Қарақалпақ дәстүрлериндеги той баслаў ҳәм ҳәўжарды үйрениў……….........................................................................................21**

**Жуўмақлаў..……………………………………………………………..…26**

**Пайдаланған әдебиятлар…………………………………………………29**

Баспаға 23.12.2010 жылда рухсат етилди.Көлеми 60х 84/ баспа табақ 2, тиражы 500